

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif. Kalayan ngaléwatan kuasi ékspérimén. Méthode kuasi ékspérimén dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteuna pangajaran nulis pangalaman pribadi saenggeus ngagunakeun média *Flash Card* di kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022-2023.

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *one group pretest-posttest*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pretest* tuluy dibéré *treatment* pikeun ngalatih kamampuh nulis siswa dina pangajaran nulis pangalaman pribadi ngagunakeun média *Flash Card*, tuluy diayakeun *posttest*. Desain panalungtikan ieu digambarkeun saperti di handap.

Tabel 3.1
Desain Panalungtikan

O ₁	X	O ₂
----------------	---	----------------

(Sugiyono, 2013)

Keterangan:

O₁ : *Pretest* (kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun média *Flash Card*).

X: *Treatment* (pangajaran nulis pangalaman pribadi ngagunakeun média *Flash Card*).

O₂: *Posttest* (kamampuh nulis pangalaman pribadi saenggeus ngagunakeun média *Flash Card*).

Saluyu jeung tujuan panalungtikan, ieu desain digunakeun pikeun ngukur ngaronjat atawa henteuna kamampuh nulis siswa, dina pangajaran nulis pangalaman pribadi saenggeus ngagunakeun média *Flash Card* di kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023

3.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta hasil karangan nu mangrupa pangalaman pribadi sakabéh siswa kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023 anu jumlahna aya 24 siswa. Jumlah siswa awéwé 10 urang sarta siswa lalaki jumlahna 14 urang. Sumber datana digambarkeun dina tabel ieu di handap.


Tabel 3.2
Data siswa VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung
Taun ajaran 2022/2023

Kelas	Jenis kelamin	Jumlah
VII C	Awéwé	10
VII C	Lalaki	14

Nu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh nulis pangalaman pribadi. Data kahiji tina hasil *pretest*, nu mangrupa kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun média *Flash Card*. Data anu dua nyaéta hasil *posttest* nu mangrupa kamampuh nulis pangalaman pribadi sabada ngagunakeun média *Flash Card*.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan kawilang penting dina panalungtikan lantaran nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Saperti diruntuykeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun média *Flash Card* dilaksanakeun ngaliwatan *pretest* jeung *posttest*, nganalisis data jeung nyieun kacindekkan, dijéntrékeun ieu di handap.

Elis Widia, 2023

MÉDIA FLASH CARD DINA PANGAJARAN NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik konsultasi heula ka guru basa Sunda SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung ngeunaan masalah anu karandapan dina nulis pangalaman pribadi kelas VII nu aya dina Kurikulum Merdeka dina pangajaran basa Sunda. Saenggeus dipikanyaho masalahna, panalungtik nyusun léngkah-léngkah anu baris dilakukeun pikeun ngungkulan masalah dina nulis pangalaman pribadi ngagunakeun média *Flash Card*. Aya dua variabel dina ieu panalungtikan, nyaéta variabel bebas jeung variabel kauger.

Média pangajaran *Flash Card* mangrupa variabel bébas (variabel X) lantaran mangaruhan variabel kauger nyaéta kamampuh nulis pangalaman pribadi (variabel Y) lantaran dipangaruhan ku variabel bébas nyaéta média pangajaran *Flash Card*.

Pikeun ngumpulkeun data, panalungtik ngayakeun panalungtikan ka kelas saenggeus kapanggih masalah dina pangajaran nulis pangalaman pribadi kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI. Hasil *pretest* jeung *posstest* mangrupa data anu geus aya. Saenggeus data kakumpul, data dianalisis maké analisis statistik, tuluy saenggeus dilakukeun sakabéh prosés panalungtikan, panalungtik nyieun kacindekkan.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik dina ngumpulkeun data nyaéta ngagunakeun téhnik tés tulis. Téhnik tés tulis bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Flash Card*. Dina prosés tés awal, siswa dititah nulis pangalaman pribadi sacara individu dumasar pangaweruh nu aya di dirina sorangan, jeung teu ngagunakeun média *Flash Card*. Ku kituna, dina *pretest* bakal katitén kamampuh awal siswa dina nulis pangalaman pribadi. Tuluy aya *posttest* anu dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh nulis pangalaman pribadi ngagunakeun média *Flash Card*. Ieu hasil bakal nuduhkeun kaéfektifan média *Flash Card* dina nulis pangalaman pribadi.

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha léngkah.

Elis Widia, 2023

MÉDIA FLASH CARD DINA PANGAJARAN NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Ngabagikeun lembaran *pretest* nulis karangan pangalaman pribadi.
- 2) Ngumpulkeun hasil *pretest* nulis karangan pangalaman pribadi.
- 3) Ngujikeun nulis pangalaman pribadi ngagunakeun média *Flash Card*.
- 4) Ngabagikeun lembaran *posttest* nulis karangan pangalaman pribadi.
- 5) Ngumpulkeun hasil *posttest* nulis karangan pangalaman pribadi.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Sappaile (2007) nétélakeun yén instrument panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun pikeun nyangking jeung ngumpulkeun data panalungtik, salaku léngkah pikeun meunangkeun hasil atawa kacindekkan ti panalungtikan, ku cara teu ninggalkeun kritéria nyieun instrumén nu hadé. Instrument panalungtikan anu eusina mangrupa tahap-tahap pangajaran anu bakal digunakeun saméméh jeung saenggeus média *Flash Card* di kelas ékspérimén. Tés anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta ngukur kamampuh hiji jalma saenggeus diajar hiji hal. Wangun dina ieu tés mangrupa tulisan pangalaman pribadi anu ditulis dua kali nyaéta *pretest* jeung *posttest*. *Pretest* dilakukeun saméméh ngagunakeun média *Flash Card*, sedengkeun *posttest* ngagunakeun média *Flash Card*.

Wangun instrumén dina tés awal jeung tés ahir mangrupa paréntah pikeun nulis pangalaman pribadi, ari kaédah-kaédahna kieu:

1. Karangan ditulis maké basa Sunda.
2. Téma karangan nalika *pretest* bébas, tapi nalika *posttest* téma anu dipaké saluyu jeung gambar anu dipilih.
3. Wangun karangan pangalaman pribadi.
4. Panjang karangan minimal 3 paragraf.

Lembar Soal Nulis Pangalaman Pribadi.

Pretest saméméh ngagunakeun média Flash Card

Hidep pernah ngalaman kajadian anu pikabungaheun? Atawa pikasediheun? Atawa anu pikaseurieun?

Pék ku hidep tulis pangalaman pribadi maké basa Sunda kalayan téma bébas!

Lembar Soal Nulis Pangalaman Pribadi.

Posttest sanggeus ngagunakeun média *Flash Card*

Hidep pernah ngalaman kajadian anu pikabungaheun? Atawa pikasediheun? Atawa anu pikaseurieun?
Pék ku hidep tulis pangalaman pribadi maké basa Sunda kalayan téma anu dipilih dina kartu *Flash Card!*

Kisi-Kisi Tés Nulis Pangalaman Pribadi

No	Aspék Penilaian
1	Eusi Carita
2	Organisasi Karangan
3	Kosa Kecap
4	Adegan Basa
5	Mekanik

3.6 Analisis Data

3.6.1 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Cara pikeun meunangkeun jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan nyaéta ku cara nganalisis jeung ngolah data. Kamampuh awal (*pretest*) jeung hasil kamampuh ahir (*posttest*) mangrupa data anu bakal diolah sarta dianalisis.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina ngalisis data kamampuh awal *pretest* jeung data hasil kamampuh ahir *posttest*.

- 1) niténan deui karangan pangalaman pribadi siswa nu geus dikumpulkeun.
- 2) mariksa jeung meunteun tulisan pangalaman pribadi siswa hasil *pretest* jeung *posttest* siswa dumasar kana kritéria di handap.

Tabel 3.3
Pedoman Skala Meunteun Nulis Pangalaman Pribadi

Aspék Penilaian	Skor
Eusi Carita	30
Organisasi Karangan	20
Kosa Kecap	20
Adegan Basa	25
Mékanik (éjahan jeung diksi)	5
Jumlah	100
Nilai	

Tabel 3.4
Kritéria Meunteun Nulis Pangalaman Pribadi

Aspék Kamampuh Nulis	Skor	Kritéria
(1)	(2)	(3)
Eusi	27-30	Hadé Pisan: sampurna, bisa dipikapaham hartina, bisa mekarkeun kecap koncina/ rélévan luyu jeung judul sarta pasualan nu dipedar
	22-26	Hadé: maham pisan, bisa mekarkeun kecap koncina luyu jeung judul sarta pasualan anu dipedar tapi kurang lengkap.
	17-21	Cukup: pamahaman kurang, kurang bisa mekarkeun kecap koncina, pasualan anu dipedar heureut.

Elis Widia, 2023

MÉDIA FLASH CARD DINA PANGAJARAN NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	13-16	goréng: teu maham kana eusi, teu bisa mekarkeun kecap koncina luyu jeung judul sarta teu cukup pikeun diajén.
	10-13	Goréng Pisan: teu kaharti eusina, teu cukup pikeun diajén.
Organisasi Karangan	18-20	Hadé Pisan: gagasan anu diébréhkeuna jéntré, padet, susunan nulisna geus hadé, runtuyan caritana logis
	14-17	Hadé: caritana kurang kaorganisir, tapi ide caritana bisa kaharti, bahan pangrojongna kawatesanan, runtuyan caritana logis tapi kurang lengkep.
	10-13	Cukup: ide caritana teu jéntré, runtuyan caritana teu lengkep tapi logis.
	7-10	Goréng: caritana henteu komunikatif, teu terorganisir, teu cukup pikeun diajén.
	4-7	Goréng Pisan: caritana teu komunikatif, teu terorganisir, teu lengkep sarta can cukup pikeun diajén
		18-20
	14-17	Hadé: kurang jembar, kecap éféktif, kadang kecap anu

Kosa Kecap		dipakéna teu merenah, tapi teu ngaganggu
	10-13	Cukup: sedeng, kurang éféktif, sering salah ma'na sabab salah milih kosa kecap jeung kekecapan.
	7-9	Goréng: teu éféktif, dina milih kecapna asal-asalan, pangaweruhna kana kosa kecapna kurang, sarta can cukup pikeun diajén.
	4-7	Goréng Pisan: asal asalan, pangaweruhna kurang sarta can cukup pikeun diajén
Adegan Basa	22-25	Hadé Pisan: tata basana dikawasa, kasalahan dina maké kekecapan jeung nyusun kalimahna saeutik.
	18-21	Hadé: kasalahan tata basana saeutik sarta teu ngaleungitkeun ma'na jeung konstruksina basajan.
	11-17	Cukup: kalimahna teu basajan, aya kasalahan dina tata basa, teu puguh ma'nana.
	10-13	Goréng: aturan sintaksisna teu dikawasa, tata basana loba nu salah, basa anu dipakéna teu komunikatif, can cukup pikeun diajén.

	9-12	Goréng Pisan: aturan sintaksisna teu dikawasa, tata basana loba nu salah, basa anu dipakéna teu komunikatif, kurang pangaweruh ngeunaan kosa kecap sarta can cukup pikeun diajén.
Mékanik	5	Hadé Pisan: ngawasa kana aturan panulisan, kasalahan éjahana saeutik, tulisana rapih sarta bisa kabaca.
	4	Hadé: kurang ngawasa kana aturan panulisan, sanajan aya sababaraha kasalahan éjahan, tapi teu ngarobah ma'na, tulisana lumayan rapih sarta bisa kabaca.
	3	Cukup: kurang ngawasa kana aturan panulisan, remen salah éjaan, teu puguh ma'nana, sarta tulisan teu rapih tapi rada kabaca.
	2	Goréng: henteu ngawasa kana aturan panulisana, éjahana loba nu salah, tulisana teu rapih jeung hésé kabaca sarta can cukup pikeun diajén.
	1	Goréng Pisan: henteu ngawasa kana aturan panulisana, éjahana saralah, tulisana teu rapih jeung teu bisa kabaca sarta can cukup pikeun diajén.
Jumlah		34-100

Harfield (dina (Kuswari, 2010)

Keterangan

- a) Kualitas lingkup jeung eusi, mariksa jumlah gagasan dina tulisan nu disusun ku siswa.
 - b) Organisasi jeung tampilan eusi, sinambungna ide nu aya dina runtuyan kalimah-kalimah.
 - c) Kosa kecap, kekecapan anu merenah sarta maké kalimah nu éféktif jeung maké basa nu bener.
 - d) Éjahan, dipuseurkeun kana huruf kapital, maké tanda baca, motong engang, ngamimitian nulis sarta maké awalan.
 - e) Karapihan tulisan atawa tampilan fisik nyaéta hasil tulisan siswa anu kabaca sarta jelas.
- 3) Méré peunteun hasil pretest jeung posttest siswa dina nulis pangalaman pribadi.
 - 4) Hasil peunteun ahir siswa diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabel 3.5
Format Peunteun Tés Nulis Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII C SMP
Laboratorium Percontohan UPI

Kode Siswa	Aspék Penilaian					Nilai	Katégori
	A	B	C	D	E		
S01							
S02							
S03							
.....							
Σ							
X							

Keterangan:

- A : Eusi Carita
 B : Organisasi Karangan
 C : Kosa Kecap
 D : Basa

Elis Widia, 2023

MÉDIA FLASH CARD DINA PANGAJARAN NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

E : Mekanik (éjahan jeung diksi)
 Σ : Jumlah skor
 X : Rata-rata

Tabél 3.6
 Katégori Penilaian

Katégori Penilaian	
≤ 44	Goréng Pisan
45-59	Goréng
60-74	Cukup
75-85	Hadé
86-100	Hadé Pisan

Data anu ditabulasikeun dipaké pikeun ngusi hipotésis kalayan ngagunakeun analisis statistik anu ngawengku uji sipat data jeung uji hipotésis.

3.6.2 Uji Sifat Data

Pikeun nguji sifat data dilakukeun uji normalitas jeung uji hipotésis. Aplikasi *PSAS saw versi 26* mangrupa aplikasi aplikasi nu digunakeun pikeun nganalisis data. *Statistical Product and Service Solution (SPSS)* nya éta program anu ngabantuan pikeun ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik.

3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho yén data miboga distribusi normal atawa henteu. Aya sababaraha cara pikeun uji normalitas, salasahijina maké cara shapiro wilk atawa kolmogorov sirnov. Anapon hipotésis normalitas data dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

H_0 = data miboga distribusi normal

H_1 = data miboga distribusi teu normal.

Anapon dasar nyindekkeun kaputusan dina uji Saphiro Wilk nyaéta ieu di handap.

H_0 ditarima, jeung H_1 ditolak, saupama niléy $Sig. > 0,05$

H_0 ditolak, jeung H_1 ditarima, saupama niléy $Sig. < 0,05$

3.6.3 Uji Hipotésis

Hipotésis mangrupa jawaban saheulaan anu bakal diuji bebenerana. Disebut saheulaan sabab data anu ditalungtikna karék dumasar kana kana tiori anu rélévan can dumasar kana fakta hasil panalungtikan (Suliyanto, 2017).

Aya dua cara anu bisa dilakukeun pikeun uji hipotesis, nya éta uji statistik parametric jeung uji statistik non parametric. Data diuji ngagunakeun statistik parametric kalawan ngagunakeun T-Test saupama uji normalitas nunjukkeun miboga distribusi normal. Sedengkeun uji statistik non parametric kalawan ngagunakeun wilcoxon Match Pairs Test digunakan saupama uji normalitas nunjukkeun distribusi teu normal. Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotesis ngagunakeun kriteria di handap.

H_1 (Hipotesis Alternatif) : Aya béda anu signifikan antara saméméh jeung saenggeus digunakeun média *Flash Card* dina pangajaran nulis pangalaman pribadi di kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023.

H_0 (Hipotesis Nol) : Teu aya béda anu signifikan antara saméméh jeung saenggeus digunakeun média *Flash Card* dina pangajaran nulis pangalaman pribadi di kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023.

Elis Widia, 2023

MÉDIA FLASH CARD DINA PANGAJARAN NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu